Dwa Sivil ou yo

Ou gen dwa pou resevwa tretman san patipri ak ekitab nan pwogram ak sèvis FEMA.

Biwo Dwa Sivil FEMA asire yo respekte lwa dwa sivil federal yo ak dispozisyon ki pa diskriminasyon nan Lwa Stafford la epi yo bay aksè egal nan pwogram ak sèvis yo.

Biwo Dwa Sivil FEMA asire sivivan katastwòf yo gen aksè a:

- Sèvis ki gen rapò ak andikap, ki gen ladan modifikasyon rezonab nan règleman, pratik, ak pwosedi yo; ak pwovizyon èd ak sèvis oksilyè, ki gen ladan entèprèt lang siy.
- Sèvis aksè nan lang pou moun ki gen konpetans limite angle (LEP).

Pou plis enfòmasyon, vizite https://www.fema.gov/about/civil-rights.

Biwo Dwa Sivil FEMA

1-833-285-7448

Peze 1 for angle, 2 pou espanyol.

Oubyen voye yon imel nan:

FEMA-OCR-ECRD@fema.dhs.gov

Kontakte Biwo Dwa Sivil FEMA, Divizyon Dwa Sivil Eksteryè pou:

- Pwogram, enfòmasyon, ak aktivite.
- Kesyon sou dwa sivil.
- Sèvis aksè nan lang.
- Modifikasyon rezonab.
- Èd ak sèvis oksilyè.
- Depoze yon plent dwa sivil.

Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite:

External Civil Rights Division | FEMA.gov

Pou kesyon jeneral sou asistans pou katastwòf, rele liy asistans FEMA a:

1-800-621-3362

Peze 1 pou anglè, 2 pou panyòl, ak 3 pou lòt lang

Dwa sivil ou yo, panda ak apre dezas yo

Desanm 2024

FEMA

Asire Aksè Egal nan Pwogram ak Sèvis

Divizyon Dwa Sivil Eksteryè, nan Biwo Dwa Sivil FEMA a, responsab pou asire FEMA konsantre sou konfòmite dwa sivil yo.

Biwo Dwa Sivil FEMA travay pou reyalize pa diskriminasyon nan pwogram ak sèvis FEMA konsènan:

- Enfòmasyon, pwogram, aktivite, ak sèvis.
- Aksè fizik nan enstalasyon yo.
- Modifikasyon rezonab.
- Sèvis aksè nan lang.
- Èd pou katastwòf, repons, ak efò rekiperasyon.

Konnen dwa ou yo

Dapre ras, koulè, relijyon, nasyonalite, sèks yon moun, laj, andikap, konpetans anglè, oswa sitiyasyon ekonomik:

FEMA pa kapab:

- Refize aksè egal nan pwogram, aktivite oswa sèvis.
- Bay yon pwogram nan yon fason ki pa egal, separe, oswa diferan de fason yo ofri pwogram nan bay lòt moun.

FEMA ap bay, lè sa nesesè

- Enfòmasyon an gwo lèt an lèt detache, oswa fòma elektwonik ka itilize ak lektè ekran.
- Entèprèt lang siy
- Enfòmasyon ekri tradui nan lòt lang ki pa angle.
- Entèprèt lang yo pale.

Rapòte yon Vyolasyon Dwa Sivil

Si ou kwè ke oumenm oswa yon moun ou konnen te viktim diskriminasyon, ou ka pote yon plent dwa sivil. Ensidan diskriminatwa yo dwe rapòte bay Biwo Dwa Sivil FEMA a nan 180 jou apre swadizan zak la.

Kijan Pou W Pote Plent:

- Rele Biwo Dwa Sivil FEMA nan 1-833-285-7448
  - Peze 1 pou angle
  - Peze 2 pou espanyol
- Imel: FEMA-OCR-ECRD@fema.dhs.gov
- Lapos: FEMA Office of Civil Rights
  500Street, SW
  4th Floor - 4SW-0915
  Washington, D.C.
  20472-3535

Pwochen Etap:

Lè yo resevwa yon plent enfòmèl nan men yon sivivan yon katastwòf oswa yon manm piblik, FEMA OCR pral travay avèk biwo pwogram FEMA a, direksyon, oswa moun k ap resevwa a pou rezoud plent enfòmèl la. Si yo pa jwenn yon rezolisyon, yo bay moun ki pote plent lan yon avi sou dwa pou depoze yon plent fòmèl. Nan pifò ka yo, si yo detèmine ke FEMA OCR gen jiridiksyon sou plent fòmèl la, Lè sa a, yon ankèt konplè pral fini.